

**ФАРНИ ХЕСТÆРМÆ ЗУНДГИН КÆСТÆРТÆ ДЗИУАРÆМÆ КÆСÆГАУ ФÆККÆСУНЦÆ...**

***ТЕМИРХАНТИ** Сослан (1881-1925), финсæг, этнограф: «Алли адæм дæр, цард куд лæдæруй, уой раргом кæнуй е ’взаги фæрци æ аргъæутти, æ таурæхъти, æ кадæнгити, æ зарти, е ’мбесæндти, æма етæ ’нцæ æхе зунди саудонæ. Етæ цæйбæрцæбæл гъæздугдæр æнцæ, цæйбæрцæбæл хуæздæр æвдесунцæ цард æ алли хузти, цæйбæрцæбæл хуæздæр æртасунцæ сау æма рохс, уойбæрцæбæл хуæздæр лæдæрун кæнунцæ цард адæмæн: уойбæрцæ бабæй адæм хъаурæгиндæр кæнунцæ...»*


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№37 (957) 2024 анзи 5 октябрь – кæфти мæйæ

Аргъ 1 туман


## МÆСКУЙ 8-15 ОКТЯБРИ АРÆЗТ ÆРЦÆУДЗÆНÆНЦÆ ЦÆГАТ ИРИСТОНИ КУЛЬТУРИ БÆНТТÆ



**Аци анз нæ дзиллæн уæлдай цитгийнаг æй цалдæр ахсгиаг цауемæ гæсгæ – 250 анзи исæнхæст æй Иристон Уæрæсей хæццæ байеу унбæл, 240 анзи исæнхæст æй нæ республики сæйраг сахар Дзæуæгигъæубæл, 100 анзи исæнхæст æй Цæгат Иристони автономибæл, 165 анзи исæнхæст уодзæнæй нæ национ аййевадон литератури бундорæвæргутæй еу, Хетæгкати Къостай райгурдбæл (1859-1906). Аци еугур цаутæ нæхемæ цитгингонд æрцудæнцæ æма ма цæудзæнæнцæ. Уой хæццæ ба ма – сауæнгæ Мæскуй дæр. Ами 8-15 октябри рацæудзæнæнцæ Цæгат Иристони культури бæнттæ. Ци мадзæлттæ си гъæуама арæзт æрцæуа, уой туххæй игъосункæнуйнаг ба кæсетæ 2-аг фарсбæл.**


**НОМЕРÆН**



## ÆЦÆГ АЙЙЕВАДÆ ÆНÆМÆЛГÆ ÆЙ!..

Гъе уотæ зæгъун æнгъезуй, нæ национ театралон аййевади номдзуддæр архайгутæй еу, Икъати Серафини туххæй. Дессаги искурдиадæй хайгин адтæй æма ин е ирдæй рабæрæг æй Ирон театри сценæбæл.

Цæгат Иристони æма Уæрæсей Федераций адæмон артисткæ **Икъати Геуæргий кизгæ Серафини** райгурдбæл 29 августи исæнхæст æй финддæс æма фондзинсæй анзи (1909-1993). Уой фæдбæл æрмæг кæсетæ 6-7 фæрстæбæл.



## АДТÆЙ ЗÆРДХÆЛАР ÆМА РÆДАУ АДÆЙМАГ

Иристони зонадон æма исфæлдистадон интеллигенций номдзуддæр минæвæрттæй еу, **Галати Александри фурт Бариси** райгурдбæл ауалдзæги, 10 мартъий æ райгурдбæл исæнхæст æй финддæс æма æхсæзинсæй анзи (1889-1974). Уой фæдбæл æрмæг мухургонд æрцудæй нæ газети аци анзи 14-аг номери. Абони ба ма ’й имисæн уомæ гæсгæ дæр, æма, Дзæуæгигъæуи кæддæр ци хæдзари цардæй, уой фарсбæл ин æрæги æвæрд æрцудæй къæйдорæйгонд мемориалон фæйнæг, уомæ гæсгæ ба мухур кæнæн еума æрмæг Галай-фурти туххæй 3-аг фарсбæл.





**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**ГАЗЕТ 2025 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 368 СОМИ 10 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 324 СОМИ 48 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙЕГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР**



http://gazeta-digora.ru

E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

***Дмитрий ЛИХАЧЕВ (1906-1999), филологон наукити доктор, академик: «Нæ хецауадæ æма, парламент ке хонунцæ, етæ экономикæ бандадзуни æма ин закъонтæ рауадзунæй сæмæ æндæр нецæй кой ес. Уотемæй ба алцидæр культурæй райдайун гъæуй. Культурæ еугур гъуддæгутæн дæр сæ рахуæцæн æй...»***

## АХСГИАГ ФАРСТА

### ЗУМÆГИ ДОМÆНТÆЙ ТИЛЛЕФГÆНÆН НÆЙЙЕС!..

Цæгат Иристони Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** ци алликъуæреуон аппаратон æмбурд исаразта, уоми уæлдай фулдæр æргом æздæхт æрцудæй, республики цардиуаги еугур къабæзтæ дæр зумæгон уавæрти архайунмæ бацæттæ кæнунбæл куст куд цæуй, уомæ. Цæрæнуатон-коммуналон хæдзаради, артаг æма энергетики министр Тамати Майрæн куд фегъосун кодта, уотемæй нæ республики социалон объекттæ æма берæфатерон хæдзæртти гъæргæнæн системæ зумæгмæ æнæгъæнæйдæр цæттæ 'й. Уогæ ма ес лухкæнуйнаг фарстатæ дæр æма уонæбæл дæр архайд цæуй фæлтæргай.



Ахсгиаг фарста – гъæуама дзуапдæттæг ка уа энергион объекттæн, цæмæй еунæг дæр æнæхецау ма уа. Министр куд баханхæ кодта, уотемæй нæ республики районти еугур скъолатæ, сувæллæнтти рæвдауæндæнттæ, сæйгæдæнтти разамонгутæмæ финстæгутæ ке рарвистонцæ, сæ фæзуати рохсдæттæн æнæхецау дæлстанцитæ ес æви нæ, уой исбæлвурд кæнуни туххæй. Абони уæнгæ бал дзуапп æрбарвистонцæ Ирæфи æма Мæздæги районтæ. Куд рабæрæг æй, уотемæй, уæхæн дæлстанцитæ амунд фæзуæттæбæл ес æвддæс, уонæй ба дууæ æнæхецау æнцæ. Æма нур бæрæггонд цæуй, ке 'нцæ, ка 'й дзуапдæттæг еци трансформатортæбæл.Республики разамонæг карзæй бафæдзахста уой æвæстеуатæй исбæлвурд кæнун:

– Цæмæ ма 'й каст? Цалинмæ бабæй радон фидбилиз æрцæуа, уæдмæ?..



Æмбурди ма дзубанди рауадæй Дзæуæгигъæуи берæ гъæунги бугъгалæн контейнертæ ке рандæ кодтонцæ æма адæмæн сæ бугъæ кумæ рахæссонцæ, е нæбал ес.

– Контейнертæ кæд рандæ кодтайтæ, уæд син сæ бæсти еци рауæнти исаразетæ æндæр мадзæлттæ. Адæм гъæуама сæ бугъæ кумæ калонцæ? Æмгъудæн уин еунæг бон дæттун, цæмæй аци гъуддаг банивæбæл кæнайтæ, – загъта Сергей Меняйло.

* * *

Æмбурди дзубанди цудæй коммуналон феддонтæбæл дæр. Дони хæдзаради генералон директор Хъарати Тимури загъдмæ гæсгæ, абони уæнгæ сæдæ миллион соми ихæстæ дарунцæ бюджетон къабази организацитæ. Республики Сæргълæуæг ведомстви разамонæгæн бафæдзахста, номхигъдтæ исаразун æма алли организацийæй дæр карзæй бадомун, закъони бундорбæл сæ ихæстæ федуни гъуддаг.

## МÆСКУЙ ЦÆГАТ ИРИСТОНИ КУЛЬТУРИ БÆНТТИ РÆСТÆГ ЦИ МАДЗÆЛТТÆ АРÆЗТ ÆРЦÆУДЗÆНÆЙ



Балет «Фатимæ»

### ÆМА ИСФЕДАУДЗÆНÆЙ МÆСКУЙ НÆ РЕСПУБЛИКИ АЙЙЕВАДÆ

Рæхги, **8-15 октябри** Мæскуй арæзт æрцæудзæнæй Цæгат Иристони культурæн ци дæсбонон арæзт æрцæудзæнæй, уонæми нæ республики цæргутæй дзиллонæй архайуни равгæ кæд нæ фæуудзæнæй, уæддæр берети ба фæндуй зонун, цитæ си арæзт æрцæудзæнæй, уой. Æма уин еци хабæртти кой цубурæй ракæндзинан.

**7-9 октябри** Уæрæсей Федераций Федералон Совети азгъунсти арæзт æрцæудзæнæй Цæгат Иристони социалон-экономикон æнтæстити æма культури равдист.

**9 октябри** Мæскуй концертон зал «Зарядье»-й арæзт æрцæудзæнæй Паддзахадон Академий Мариинаг театри симфонион оркестри концерт не 'мзæнхон номдзуд дирижер Гергити Валерийи разамундæй.

**10 октябри** Евгений Вахтангови номбæл Паддзахадон академион театри азгъунсти Цæгат Иристони Тæбæхсæуты Балой номбæл паддзахадон академион театри артисттæ равдесдзæнæнцæ Кокайти Тотрази финст пьесæмæ гæсгæ арæзт спектакль «Гæздæнтæ».

**11 октябри** Цæгат Иристони Евгений Вахтангови номбæл Паддзахадон академион Фæллойнадон Сурх Турусай орденхæссæг уруссаг драмон театри артисттæ равдесдзæнæнцæ мæскуйæгтæн Еленæ Исаевай пьесæмæ гæсгæ арæзт спектакль «Женщины Есенина». Æвдист цæуудзæнæй Мæскуй Евгений Вахтангови номбæл Паддзахадон академион театри азгъунсти.

**11-13 октябри** нæ бæсти сæйраг сахари цæргутæй æма æ иуазгутæй алке бон дæр уодзæнæй Мæскуй фæлладуадзæн дзæхæрадонæ «Эрмитаж»-и ирон къеретæ æма хуæруйнæгтæй исахуадун. Уой хæццæ ба ма син уодзæнæй равгæ уоми декоративон-æнхæстгæнæн аййевади исфæлдистади равдист-базари сæхецæн зæрдæмæдзæугæ дзаумæуттæ балхæнун, уæдта концертмæ бакæсун.

**12 октябри** Мæскуй 1941-1945 æнзти Устур Фидибæстон тугъди Центрон музейи рацæудзæнæй Цæгат Иристони Паддзахадон филармоний исфæлдистадон коллективти Тугъдон-патриотон концерт, Иристон Уæрæсей хæццæ байеунбæл 250 анзи ке исæнхæст æй, уой кадæн.

**13 октябри** Мæскуй рауæнтæй еуеми, Кулишкити, Аланское подворье ке хонунцæ, уоми Сугъдæг Мадæ Майрæни аргъауæндони арæзт æрцæудзæнæй хуцаубони аргъауни сæрмагонд мадзал.

**13 октябри** Уæрæсей Паддзахадон академион Устур театри азгъунсти Паддзахадон академион Мариинаг театри дзæуæгигъæуккаг филиали исфæлдистадон коллектив равдесдзæнæй балет «Фатимæ».

**14 октябри** Цæгат Иристони камерон зартæгæнгути къуар «Алани» равдесдзæнæй сæрмагонд концертон программæ Мæскуй æхсæнадæмон музыки хæдзари.

**14-24 октябри** Уæрæсейаг аййевæдти академий арæзт æрцæудзæнæй, Цæгат Иристонæй аци зундгонд ахургæнæндонæ каст ка фæцæй, уони исфæлдистадон кустити равдист.

Цæгат Иристони культури дæсбононæн кæронбæттæн исуодзæнæй агъазиау концертон программæ, кæци 15октябри æвдист цæуудзæнæй Уæрæсей Паддзахадон академион Устур театри сценæбæл. Архайдзæнæнцæ си Цæгат Иристони аййевæдти æскъуæлхтдæр минæвæрттæ æма Уæрæсей Федераций культури номдзуддæр архайгутæ.

## ВОЕННАЯ ПРОКУРАТУРА РАЗЪЯСНЯЕТ...

### О СОЗДАНИИ КОНСУЛЬТАТИВНО-ПРАВОВОГО ЦЕНТРА ПО ОКАЗАНИЮ ПРАВОВОЙ ПОМОЩИ И ПРЕДУПРЕЖДЕНИЮ ВОЗМОЖНЫХ НАРУШЕНИЙ ПРАВ ПРИЗЫВНИКОВ

При военной прокуратуре Владикавказского гарнизона (адрес: г. Владикавказ, пр-т Коста, д. 166 тел.: 8(8672) 25-73-11) создан консультативно-правовой центр по оказанию правовой помощи и предупреждению возможных нарушений прав призывников.

Работа центра будет организована в период с 01.10.2024 по 31.12.2024 с понедельника по пятницу с 9 часов до 13 часов и с 14 часов до 18 часов.

Также личный прием граждан проводится в военной прокуратуре Владикавказского гарнизона в рабочие дни дежурным офицером с 9 часов до 19 часов, иногородние посетители принимаются ежедневно.

Порядок личного приема граждан, в том числе представителей организаций, государственных организаций, государственных органов и органов местного самоуправления военным прокурором Владикавказского гарнизона полковником юстиции Сулеймановым Сулейманом Амиргамзаевичем осуществляется по четвергам с 9 часов 30 минут до 13 часов и заместителем военного прокурора Владикавказского гарнизона подполковником юстиции Хубаевым Денисом Петровичем по средам с 9 часов 30 минут до 13 часов.

### ОТВЕТСТВЕННОСТЬ ЗА УКЛОНЕНИЕ ОТ ПРИЗЫВА НА ВОЕННУЮ СЛУЖБУ ИЛИ ОТ ПРОХОЖДЕНИЯ АЛЬТЕРНАТИВНОЙ ГРАЖДАНСКОЙ СЛУЖБЫ

Защита Отечества является долгом и обязанностью каждого гражданина России (статья 59 Конституции РФ).

Исполнить воинский долг обязаны все граждане мужского пола в возрасте от 18 до 30 лет при отсутствии предусмотренных законом оснований для освобождения или отсрочки от призыва на военную службу.

Уклонение от призыва – это неявка по повестке военного комиссара о призыве на военную службу в указанный срок без уважительных причин либо к месту сбора для отправки в воинскую часть, совершаемая как активными действиями (причинение себе телесного повреждения, симуляция болезни, переезд на новое место жительства без снятия и постановки на воинский учет), так и бездействием (неявка на медицинское освидетельствование, отказ от получения повестки военного комиссариата). Уклонением является также получение подложных документов для незаконного освобождения от призыва.

В случае установления факта уклонения от призыва на военную службу призывная комиссия или военный комиссар муниципального образования направляет соответствующие материалы руководителю следственного органа по месту жительства гражданина для решения вопроса привлечения к ответственности.

Статья 328 УК РФ предусматривает уголовную ответственность для лиц, на которых возложена обязанность прохождения военной службы либо альтернативной гражданской службы и уклоняющихся от исполнения такой обязанности.

Частью 1 указанной статьи установлена уголовная ответственность за уклонение от призыва на военную службу, а частью 2 – от прохождения альтернативной гражданской службы.

Максимальное наказание за уклонение от призыва на военную службу предусмотрено до 2 лет лишения свободы, за отказ от прохождения альтернативной гражданской службы – до 6 месяцев ареста. При этом гражданам, не прошедшим военную службу по призыву без наличия на то законных оснований, взамен военного билета выдается справка.

Такие граждане в течение десяти лет со дня истечения срока обжалования заключения призывной комиссии или вступления в силу решения суда, которым выводы комиссии признаны законными, не могут быть приняты на государственную или муниципальную службу, а уже проходящие ее – подлежат увольнению.

***Денис ХУБАЕВ,***
***заместитель военного прокурора Владикавказского гарнизона***

**Не 'мзæнхон æхсаргин тугъдон, Кади ордени æртæ къæпхæней кавалер Глущенко Михаил Андрейи фурти райгурдбæл 3 октябри исæнхæст æй финддæс æма фондзинсæй анзи (1909-1974).**

*Нæ фидтæлтæй нин ци берæ рæсугъд æгъдæуттæ байзадæй, уонæй еу æй хестæртæн кадæ кæнун. Æрæги, уой фæдбæл Чиколай арæзт æрцудæй бæрæгбони мадзал. Хестæрти гъæуй айдагъдæр æргомздæхт. Уой гъæуама сæ зæрдæбæл даронцæ кæстæртæ, уомæн æма фарнæ уонæй цæуй.*




ГАЛАТИ Барис музыкалон æрмæгути архиви.


АБАЙТИ Васо (галеуæрдигæй), ÆМБАЛТИ Цоцко æма ГАЛАТИ Барис.

# АДТÆЙ ЗÆРДХÆЛАР ÆМА РÆДАУ АДÆЙМАГ...


**Хурити Гиви**
(1947-2010),
журналист,
финсæг

Иристони дзилли цалдæр фæлтæремæн Галати Александри фурт Барис хуарз зундгонд æй – куд нæ зонадон æма исфæлдистадон интеллигенций хуæздæр минæвæрттæй еу, искурдиадæгин композитор, нæ национ музыкалон культури æвæллайгæ æртасæг, зундгонд æхсæнадон архайæг.

Ци алæмæти гъуддæгутæй фескъуæлхтæй, уони банимайунæн берæ рæстæг æма бунат багъæудзæнæй. Уогæ фагæ уодзæнæй утæ зæгъун, æма Галайфурти номи хæццæ баст æнцæ нæ национ музыкалон аййевади алæмæти райрæзти æма нæ адæми музыкалон исфæлдистади æвдесæнтæ æмбурд кæнуни фарстатæ. Е фæззилдæй Иристони берæ кæмтти цæргутæбæл æма æрæмбурд кодта нæ адæмон музыки мелодитæ, æма уой фæрци агъазиау бундор æвæрд æрцудæй еци къабази зонадон куст бундоронæй æнхæст кæнуни архайдæн. Зæгъун æнгъезуй утæ, æма бæлвурдæй уой зонадон куститæ над исаразтонцæ нæ адæмон музыкалон исфæлдистадæ ахур кæнунæн.

Галати Барис райгурдæй æма исгъомбæл æй Мæздæги райони, фал æ баргъон цардвæндаги берæ æнзти дæргъи ба цардæй æма куста Хонсар Иристони. Нæ номдзуд композитор æма музыкалон архайæги хуарз зудта æма ин фæстæдæр æ исфæлдистадон архайди хабæрттæ æма цаутæ бундоронæй æрлæмбунæг кодта уæди ахурдзау, фæстæдæр ба игъустгонд ахургонд, Хонсар Иристони наукон-æртасæн институти археологи æма этнографий хайади сæргълæууæг, историон наукити доктор Республикæ Хонсар Иристони наукити æскъуæлхт архайæг Гаглойти Зинæ. Мæнæ е куд имиста:

– Галати Барис æй вокалон-инструменталон æма зартæгæнгути уадзимисти автор, кæцитæ финст æма арæзт æрцудæнцæ нæ адæмон музыкалон фольклори бундорбæл. Е бакуста берæ адæмон зартæбæл. Уони хæццæ ’нцæ «А-лол-лай», «Айс æй, аназ æй», «Æфсати» æма æндæртæ. Етæ хаст æрцудæнцæ Хонсар Иристони зартæгæнгути æма кафгути паддзахадон ансамбль «Симд» æма хехъæппæресадон зартæгæнгути репертуартæмæ. Барис музыкæ финста Къостай номбæл драмон театри спектаклтæн дæр.

Хъæбæр æновудæй балæггæдтæ кодта Хонсар Иристони музыкалон кадртæ гъомбæл кæнуни гъуддаги дæр. Галай-фурт Цхинвали цардæй 1931 анзæй фæстæмæ. Е бундор ниввардта ами музыкалон скъолайæн, куста си ахургæнæгæй æма директорæй дæр. 1931 анзæй 1951 анзи уæнгæ адтæй Хонсар Иристони драмон театри дирижер дæр æма директор дæр.

Галай-фурт устур æвæрæн бахаста Хонсар Иристони зар æма кафти паддзахадон ансамбль «Симд» исаразуни гъуддагмæ (1938 анзи). Адтæй æ æнæраййевгæ аййевадон разамонæг æма дирижер сауæнгæ 1952 анзи уæнгæ. Ансамбли адтæй сæдæ адæймагемæй фулдæр, уони хæццæ хори, национ инструментти оркестри æма кафгути къуæрттæ дæр.

Хонсар Иристони наукон-æртасæн институти косгæй, Галати Барис Иристони къумти фæззилдæй, нæ адæми музыкалон исфæлдистади æвдесæнтæ æрæмбурд кæнуни зæрдтæй, æма уотемæй ци берæ æрмæгутæ æрæмбурд кодта, уони фулдæр хай хаст æрцудæй æ монографи «Осетинские народные песни»-мæ.

Киунугæ уагъд æрцудæй Мæскуй 1964 анзи. Æ монографий лæмбунæгæй æвзурст цæунцæ ирон адæмон музыкалон элементтæ. Автор куд финсуй, уотемæй адæмон музыкалон уадзимистæ дех кæнунцæ æртæ жанрон къуаребæл: зартæ, гъарæнгитæ æма кадæнгитæбæл. Аци æртæ жанрон номхигъди ма адæмон терминологий æнхæстгонд цæунцæ цуппæрæймагæй – кæфтитæй.

Автор ирон адæмон зарти сæ гъудимæ гæсгæ дех кæнуй ауæхæн хузтæбæл: 1. Историон (Чермени, Таймурази зар); 2. Революцион (Харебати Исахъи, Дриати Антони); 3. Героикон зартæ. (Етæ сæрмагонд бунат ахæссунцæ ирæнтти адæмон зарти исфæлдистади); 4. Эпикон зартæ – нарти эпоси хъайтартæбæл конд зартæ гъесин фæндури хæццæ; 5. Фæллойни зартæ (æхсæдуни зар, хуасгæрдгути зар); 6. Киндзæхсæвæри зартæ. Аци зартæ æнхæст кæнунцæ айдагъдæр нæлгоймæгтæ, сæйрагдæр киндзæ ласуни рæстæги надбæл цæугæй; 7. Финги уæлгъос зартæ, кæцитæ фулдæр æнхæстгонд фæццæунцæ фингæбæл бадгæй; 9. Симди (плясовые) зартæ, кæцитæ æнхæстгонд цæунцæ æмдзæгъдæй; 10. Уарзти зартæ (Кизги зар); 11. Силгоймаги лирикон зартæ (Софяй зар).

Монографий мухургонд æнцæ зундгонддæр адæмон зарти нотитæ, уæдта еу кенæ инней зари истори дæр. Уæлдай лæмбунæгдæрæй си дзубанди цæуй нæлгоймæгти хуари зарти туххæй. Уони æнхæст кæнунцæ айдагъдæр нæлгоймæгтæ æнæ музыкæй еуæй-еу кæфтитæ, зартæй æндæр. Барис куд финсуй, уотемæй еуæй-еу зартæ æнхæстгонд цæунцæ алли æууæлти, алли рæстæги дæр. Иннетæ ба айдагъдæр бæрæг æууæлти, хецæн, сæрмагонд рæстæги.

Галати Барис устур лæггæдтæ фæккодта Хонсар Иристони зарти культури ирæзтæн. Уой хъæппæресæй арæзт æрцудæнцæ Сталинири пединститути, культури Хæдзари æма æндæр косæндæнтти хори коллективтæ. Бариси комкоммæ архайдæй арæзт æрцудæнцæ адæмон музыкалон инструментти оркестртæ.

Е устур гъомбæладон куст кодта фæсевæди æхсæн музыкалон культури æма лæдæруни ирæзти гъуддагбæл.

Бариси монографий лæмбунæгæй æвдист цæунцæ нæ адæмон кæфтитæ. Автор куд зæгъуй, уотемæй зундгонддæр æма рагондæр фæткон (обрядовые пляски), симд «Цоппай» æма «Чепена» æнхæстгонд фæццæунцæ айдагъдæр хори зарти хæццæ. «Симд» ба æнхæстгонд æрцæуй зари æма музыки хæццæ. «Симд» æ рæсугъддзийнадæй фиццаг бунат ахæссуй ирон адæмон кæфтити ’хсæн (Осетинские народные песни. М. 1964. 43 ф.). Автор финсуй рагон кафт «Нæртон симд» (Æддæгуæле кафт) – еуетæ иннети усхъитæбæл ку ислæуунцæ æма уотемæй дууæ рæнгъемæй ку фæссемунцæ, уой. Монографий лæмбунæгæй æвдист цæунцæ ирæнтти адæмон музыкалон иструменттæ. Уони хæццæ гъесин фæндур (цæгъдунцæ ибæл нæлгоймæгтæ); далафæндур; дууадæстæнон фæндур; уадиндзæ; стъили; федеуæг – гали, фури кенæ ба дзæбодури сикъайæй конд; къæрцгæнæн (кастаньет); ирон хъандзал фæндур. Галати Бариси кусти устур нисанеуæг ма уой медæгæ ’й, æма си ке дæттуй зартæгæнгути, кафгути æма музыкалон инструментти иллюстрацитæ.

...Галати Барис Цхинвали Пушкини гъæунги ци хæдзари цардæй, уоми имæ фæууинæн адтæй нæ адæмон музыкалон инструментти хузæгтæ. Æ дуæрттæ аллихатт дæр адтæнцæ игон музыкæ уарзгутæн. Ардæмæ цудæнцæ айдагъ ансамбль «Симд»-и солисттæ нæ, фал ма еугур интеллигенций минæвæрттæ дæр. Е сæ зæрдиагæй зонгæ кодта æ нæуæг музыкалон уадзимисти хæццæ. Культурон æгъдауæй адтæй хъæбæр уозæлагæ æма уарзон адæймаг. Æ ахургæнуйнæгтæ абони разамунд дæттунцæ зартæгæнгути æма кафгути хехъæппæресадон ансамбльтæн. Æ зартæ ин кæнунцæ бæрæгбæнтти. Хуарз æй ка зудта, еци хестæр фæлтæр ин æхцæуæнæй имисунцæ æ ном. Е адтæй æ адæми устур патриот. Уадзæ æма ин кæстæр фæлтæр дæр зононцæ æ лæггæдтæ. Хуарз уайдæ, æма ин Цхинвали Пушкини гъæунги ци хæдзарæ адтæй, уоми æ музей арæзт ку ’рцæуидæ, уæд.


ГАЛАТИ Барис æ ахурдзаути хæццæ.

**Уæрæсей 5 октябри бæрæггонд цæудзæнæй ахургæнæги Бон. Зæрдиагæй арфæ кæнæн ахуради еугур къабæзти косгутæн дæр сæ бæрæгбони фæдбæл!..**

***Николай ТРУБЕЦКОЙ (1890-1938), ахургонд, æхсæнадон архайæг: «Хуæдхуз национ културæ агъаз æй, цæмæй хецæн адæймæгутæ сæхе балæдæронцæ æма æнхæстдæрæй базононцæ, уомæн. Е син фæййагъаз уй сæ еумæйаг национ уодиконди хецæндзийнади бæргутæ, психикæ æма æрдзон менеугутæ рартасунæн.***





# БÆРÆГБОН – ЦИЙНÆХÆССÆГ, РАЗÆНГАРДГÆНÆГ...

*Бæрæгбон алкæддæр федудта æма федаугæ дæр кæндзæнæй арфитæй. Никки æхцæуæндæр ба фæууй, зæрди къумæй ци кæдзос æма нифсдæттæг арфитæ исхауй, уонæмæ игъосун, уæлдайдæр ба, еци дзурдтæ, дæ уодæй фулдæр ци райгурæн бæстæ уарзис, уой хæццæ баст ку уонцæ, уæд.*

*Цæгат Иристон алкæддæр æ дуæрттæ игонæй дардта еугур адæмихæттити минæвæрттæн дæр. Еугур дзиллитæ дæр нин адтæнцæ æмхузон уарзон, уомæ гæсгæ ба сæмæ нæ рахаст дæр адтæй цæстуарзон, æнсувæртау сæ аккаг кодтан нæхецæн æма сæ идарддæр дæр кæндзинан. Уобæл некæд фæффæсмон кодтан æма абони дæр нæ фæсмон кæнæн. Етæ дæр нæмæ уæхæн уарзон цæстæй кастæнцæ.*

*Аци анз, Цæгат Иристонæн хуæдбарæдзийнадæ лæвæрд ку 'рцудæй, уобæл 100 анзи исæнхæст æй, Иристон Уæрæсей хæццæ ку байеу æй, уобæл ба 250 анзи ке æнхæст кæнуй, уой фæдбæл ба нæ фæндуй, дæс æма дууинсæй анзей размæ еугур дуйней дæр игъустгонд поэт Расул Гамзатов, профессор, экономикон наукити доктор Цæголти Николай, зундгонд советон поэттæ æма тæлмацгæнгутæ Лев Озеров æма Всеволод Рождественский ци зæрдибунæй цæугæ арфитæ ракодтонцæ, уони нæ абони фæлтæри размæ рахæссун. Уадзæ æма зононцæ, советон доги еугур адæмихæттитæ дæр куд хæларæй цардæнцæ, сæ кæрæдзей æнтæститæбæл куд цийнæ кодтонцæ, сæ зин дæр æма цийнæ дæр куд еумæйаг адтæнцæ, уой.*



**Расул ГАМЗАТОВ**
(1923-2003),
Дагестани адæмон поэт

## ДÆ НАД РОХСДÆР ÆМА УРУХДÆР УÆД!..

Сабий ма ку адтæн, уæд фегъустон хуæнхаг мæгур лæги карни туххæй мæтъæл радзурд. Еци хуæнхаг мæгур лæг дууинсæй анзей дæргъи аразта хæдзарæ æма рамардæй, аразт æй нæбал фæцæй, уотемæй. Фал намусгин минкъий Иристон еци дууинсæй анземæ исаразта хæлардзийнади æма æнсувæрдзийнади хъæбæр хуарз æма рæсугъд хæдзарæ. Еци хæдзарæн æ рохс къæрæзгитæ арæзт æнцæ устур дуйнемæ, хори тунтæмæ æма адæмти хæлардзийнадæмæ. Еци урух æма кæрдзиндæттон хæдзари цæрунцæ сæ фидтæлти намусгин фæдонтæ æма идарддæр хъæртун кæнунцæ сæ бæгъатæр фидтæлти истори. Етæ 'нцæ хъаурæгин нæлгоймæгтæ æма рæсугъд силгоймæгтæ, тугъдонтæ æма фæллойнæгæнгутæ – коммунизм зæрдиагæй ка аразуй, уæхæнттæ. Еци хæдзарæ идзаг æй цард æма музыкæй, амондгун сувæллæнтти ходунæй æма зæрæндти намусæй. Уоми æносмæ æрфедар æнцæ устур уарзондзийнадæ æма устур бæллецтæ.

Æнсувæрон уарзондзийнади хæццæ уин арфæ кæнгæй, æз кæддæриддæр гъуди кæнун æнсувæрон Иристонбæл, уой фурттæ æма кизгуттæбæл, ме 'нсувæртæбæл – цитгин Къостай фæдонтæбæл.

Мæ райгурæн хуæнхти тæккæ вазуггиндæр æма тæккæ ахсгиагдæр гъуддæгутæ кæддæриддæр фæдзахстонцæ дууинсæйанздзуд тугъдонтæн, уомæн æма уонæмæ ес фæлтæрддзийнадæ, хъаурæ æма нифс.

Дууинсæй анзи! Е æй тæккæ хуæздæр карæ хуæнхаг лæгæн. Æнæгъæнæ адæмæн ба е æй æ рагуалдзæг.

Нуртæккæ Иристон æй бæхгини хузæн. Е цæттæ 'й идарддæр е 'стур надбæл цæунмæ, уарзондзийнади, æскъуæлхтдзийнæдти æма намуси надбæл цæунмæ. Æма æз дæр дагестайнаг хуæнхти цъоппæй зæрдибунæй зæгъун: рæствæндаг уо, рæсугъд Иристон! Ду абони хъæбæрдæр фесхустай дæ бæхи, æма кæсис, ци устур над рацудтæ, уомæ. Æма нуртæккæ ци надбæл цæуис, е 'й никки рохсдæр æма урухдæр. Хъæбæрдæр базмæлун кæнæ дæ бæхи. Рæствæндаг уо!

Уæхе Расул Гамзатов.



**ЦÆГОЛТИ Николай**
(1904-1985),
экономикон наукити доктор,
профессор

## ÆРУАГÆС МИ КÆНУЙ, Æ РАЙРÆЗТИ НАДБÆЛ ÆЙ ЦÆГАТ ИРИСТОН

Абони, еугур бæстæ дæр Цæгат Иристони автономий 50 анзи æма, Уæрæсей хæццæ барвæндонæй ку байеу æй, уой 200 анзи юбилей ку бæрæг кæнуй, уæд адæймаги сæри берæ гъудитæ æвзуруй. Фал си æз айдагъдæр еу цалдæрей кой искæндзæнæн. Абони æнтæстдзийнæдтæ уони фæрци 'нцæ æма кадгин бæрæгбони сæ кой куд не 'скæнæн.

Иристон Уæрæсей хæццæ ку байеу æй, уæд е иссæй ирон адæмæн уруссаг култури хæццæ зонгæ кæнун ку райдæдтонцæ, уой райдайæн. Иристони сабургай, фал еудадзуг ирæзун райдæдта косæг кълас, интеллигенци. Интеллигенци адæммæ хаста прогрессивон гъудитæ, хормæ калдта капитализми æцæг цæсгон. Иристони косæг дзилли социалон-къласон хелæдæрундзийнади ирæзтæн адтæй размæ схуайæг тухæ. Гъе, уомæ гæсгæ ирон адæм фиццаг уруссаг революций рæстæг бæгъатæрæй исистадæнцæ хуæдхуæцæг паддзахи нихмæ.

Феврали революций фæсте Иристони фæллойнæгæнгутæ никки хъæбæрдæр æрбангом æнцæ большевикти партий алливарс. Еци рæстæг ин Владикавкази разамунд лæвардтонцæ С.М. Киров, М. Орехелашвили æма иннетæ. Иристони фæззиндтæй революцион-демократон къуар «Кермен». Е хъæбæр зæрдиагæй исæмбалдæй Октябри революцибæл, Кирови æрвист ирон лæгтæ – большевикти разамундæй иссæнцæ агъазиау федар æма большевикти революцион тохбæл еузæрдиуон къуар. Устур агъаз фæцæй Иристони æма Терки зилди советон хецауадæ æрфедар кæнуни гъуддагæн. Æ разамонгути нæмттæ некæд феронх уодзæнæнцæ ирон адæмæй. Беретæ си бæгъатæрæй фæммард æнцæ сæребарæбæл тохи рæстæг.

Ке фæнди кой си искæнæн – еугурæй дæр адтæнцæ Ленини партий хъæболтæ, æ ахургæнуйнæгтæ. Етæ ахур кодтонцæ Мæскуй, уæдта Уæрæсей центри уæлдæр скъолати. Уоми син фадуат адтæй уруссаг косæг къласæ партий хæццæ хуарз базонгæ унæн. Æма цæттæ революционертæй æрцудæнцæ Иристонмæ. Ракодтонцæ 'й Ленини амунд надмæ.

Иристони хъæболтæй Октябри революций размæ Уæрæсей берæ ахур кодта. Уæрæсей бахсистæнцæ революцион тохи. Уруссаг æвзаг иссæй сæ дуккаг маддæлон. Ирон æвзаг æма литератури бундорæвæрæг Къоста ба ибæл ниффинста алæмæти уадзимистæ. Етæ, сæрустурæй хаст æрцудæнцæ уруссаг литератури хæзнадонæмæ. Сæ социалон гъудимæ гæсгæ иссæнцæ Уæрæсей революцион-демократон аййевадон литератури нæуæг къæпхæн.

Уæрæсей ахургонддзийнадæ ка райста, æ култури тæвагæ, æ адæми революцион тухæ хуарзæрдæмæ кæбæл фæззиндтæй, уæхæн ирæнттæ берæ 'нцæ. Æз сæ еугурей кой нæ кæндзæнæн. Фæндуй мæ зæгъун, мæ фидæ æма мæ фиди æнсувæр дæр Мæскуй университети юридикон факультет каст ке фæцæнцæ, уой. Ме 'нсувæр, зингзæрдæ революционер Цæголти Геуæрги Александри фурт ахур кодта Мæскуй университети. Е феврали революций размæ иссæй большевикти партий иуонг. Мæ фидæ, е 'нсувæр ци университети ахур кодтонцæ, уоми æз инсæй анземæ хæстæг дæн политикон экономики кафедри сæргълæууæг.

Мæскуй университетмæ мæ фæндаг æй, большевикти парти Ленинон национ политикæ царди рауадзунбæл ци устур куст бакодта, уомæн æвдесæн. Революций фæсте еугай ирæнттæ нæ, фал дæсгай, сæдæгай, мингай æригон лæхъуæнтæ æма кизгуттæ уæлдæр ахургонддзийнадæ райстонцæ Мæскуй, Ленингради æма нæ бæсти иннæ сахарти. Беретæ си иссæнцæ ахургæндтæ, науки, аййевади, култури, хæдзарадон, паддзахадон æма партион кусти ахæссунцæ бæрнон бунæттæ.

Экономики, филологий, медицини æма иннæ наукити ирон ахургæндти нæмттæ зундгонд æнцæ сауæнгæ фæсарæнти дæр. Аййевадæ æма театри дæснитæ сæхецæн устур кадæ скодтонцæ Советон Цæдеси.

Ирон интеллигенци исахур кодта нуриккон култури æнтæститæ. Е нæ, фал ма имæ æ бон хæссун æй нæуæгдзийнæдтæ дæр. Зин ранимайæн æнцæ, култури, аййевади æма науки ирæзти устур бунат ка ахæссуй, еци ирæнтти нæмттæ. Фал æхцæуæнæй зæгъдзæнæн мæскуйæгтæ Абайти Васо, Дзарасти Солтан, Исати Мæхæмæти туххæй. Тæбæхсæути Балой



хæццæ фембæлд мæскуйæгтæн фæууй устур дзоруйнаг гъуддаг. Дирижер Дударати Вероникæ 'й дирижерон аййевади зундгонд архайæг, Тауасити Сослæнбеги скульптуритæ бæрзондæй кæсунцæ айдагъ Орджоникидзей нæ, фал нæ Цæдеси иннæ сахарти дæр.

Берети нæмтти туххæй ма ес зæгъæн, фал гъуддаг уой медæгæ нæй. Сæйрагдæр æй, уруссаг културæ ке исахур кодтонцæ, уой фæрци сæ къохи ке бафтудæнцæ дуйнеуон културти сосæргдзийнадтæ базонун, исæнцæ е 'сфæлдистадон косгутæ.

Советон адæмти хæлардзийнадæн агъаззаги æвдесæн æнцæ ирон адæм. Нуртæккæ Иристон бæсти алли рауæнтæмæ, айдагъ æ хъæболти ахур кæнунмæ не 'рветуй, фал ехæмæ дæр ес уæлдæр скъолатæ. Етæ цæттæ кæнунцæ дæсни специалистти кадртæ. Сæ гъомбæлгæнуйнæгтæ æнтæстгинæй косунцæ Советон Цæдеси республикити, крайти æма облæстити.

Абони Иристон æвдесæн æй социалистон революций æнтæститæн, Ленинон национ политики уæлахезæн, устур уруссаг адæми хæлардзийнадæн. Е хæларæй цæрун зонуй минкъий адæмихæттити хæццæ дæр.

Иристони хъæболтæй беретæ Советон Цæдеси номæй фæйййархайунцæ фæсарæнти дæр. Кадæ ин кæнунцæ.

Мæхе туххæй ку зæгъон, уæд æз устур ихæсгин дæн ирон адæмæй. Уарзун æй, фурт æ мади куд уарзуй, уотæ. Фал минкъий ихæсгин нæ дæн Мæскуйæй дæр. Экономики теорий æрфити нихкхезунæн мин фадуæттæ е исаразта, балæдæрун мин кодта марксизм-ленинизми устур ахурадæ, исахур мæ кодта политикон экономики 'сфæлдистадон куст кæнун.

Мæ ахур райдæдтон Владикавкази, каст ба фæдтæн Мæскуй Адæмон хæдзарадон институт. Уоми ци зонундзийнадтæ райстон, уони фæрци дæс æма дууинсæй анзей размæ мæ бон бацæй Хуæнхон педагогон институти (нури ЦИПУ) ахургæнæгæй косун. Дууæ анзей фæсте мæ партий обком равриста Æхсæнадон наукити наукон-æртасæн институти Уæрæсей Ассоциаций экономики институти аспирантурæмæ. Устур зæрдиагæй мæбæл исæмбалдæнцæ. Аспирантурæ каст ку фæдтæн, уæд кустон Воронежи Пъланон институти политикон экономики кафедри сæргълæууæгæй. Уой фæсте ба ахургонд æма профессори бунæттæ ахæстон бæсти зундгонддæр уæлдæр скъолати – ССР Цæдеси Госплани Экономикон æртасæн институти, ССР Цæдеси наукити Академий Экономики институти, Адæмон Хæдзаради институти, Мæскуй Паддзахадон Университети.

Æвæдзи, мæ цард дæр хуарз æвдесæн æй нæ адæмти хæлардзийнадæн. Советон Цæдеси адæмтæ æмхузонæй, æмхъаурæй архайунцæ коммунизми аразтади, СЦКП-йи XXIV съезд син сæ размæ ци агъазиау пълан æрæвардта, уой царди рауадзунбæл.

Ирон адæмæн ес, æ кадгин бæрæгбони цæбæл цийнæ кæна, е. Ци дууæ юбилейи бæрæг кæнуй, етæ æ царди устур бунат æрахæстонцæ. Æнæ уонæй нæ адтайдæ абони деденæгкалгæ Иристон – агъазиау промышленности, гъæууон хæдзаради, културæ æма науки Иристон.

СЦКП-йи разамундæй никки устурдæр къахдзæфтæ ракæндзæнæй Цæгат Иристони Советон Социалистон республикæ Ленини амунд надбæл, никки устурдæр æнтæстдзийнадтæ бафтуйдзæнæй æ къохи. Уомæн æма ци надбæл цæуй, е иразти фæндаг æй!



**Лев ОЗЕРОВ**
(1914-1996),
поэт,
тæлмацгæнæг

## РÆСУГЪД БÆРÆГБÆНТТÆЙ ЗÆРДИРАЙ УОТÆ!..

**– Ирон поэзий хæццæ фиццагидæр кæми базонгæ дæ?**

– Тугъди размæ адтæй е, – Мæскуй истори, философий æма литератури институти ахур кæнгæй, æмдзæрæни базонгæ дæн Ехиити Тæтæри, Плити Грис æма Хъайтухъти Геори хæццæ. Етæ мин кастæнцæ сæхе финст уадзимистæ, дзурдтонцæ мин ирон литератури, ирон адæми æгъдæутти туххæй, зонгæ мæ кодтонцæ адæмон сфæлдистади зарти хæццæ. Ехити Тæтæри æма Хъайтухъти Геори дзубандитæй Иристони туххæй берæ базудтон. Етæ мæ исразæнгард кодтонцæ иронау финст æмдзæвгитæ уруссаг киунугæкæсгути базонгæ кæнун æма си еуминкъий ратæлмац кодтон. Фал дзубандитæй ке бауарзтон, еци Иристони мæн фæндадтæй мæхе цæститæй фæууинун, æ адæми хæццæ фæдздзубанди кæнун. Æма мæ къохи бафтудæй. Мæнæй абони дæр иронх нæ 'нцæ кадгин хестæрти хæццæ, раззагдæр косгути хæццæ, зæнхи кадæ бæрзонддæргæнгути хæццæ, цурд фæсевæди хæццæ, хуæдæфсармæ силгоймæгти хæццæ, легендарон спортсменти хæццæ, искурдиадæгин шахматистти хæццæ ци зæрдибун дзубанди фæккодтан, етæ. Абони ма мæ цæститæбæл уайунцæ æрдзи рæсугъд нивтæ, мæ цæститæбæл рауайунцæ уорс закъæгин зæрæндти æма фæсевæди зартæ, саууæстæ кизгутти фæндури зæлтæ. Козбауи хузæн мин ма балæдæрæ мæ дзубанди, фал Иристон мæ зæрди ниххизтæй æма ма си уой фæсте цалдæр хатти адтæн. Аци цуди архайдтон, ци æййивддзийнадтæ си æрцудæй, иннæ адæмтæй игъаугидæр имæ ци нæуæгдзийнадæ ес, уони фæууинун. Уомæн æма æнæ уони зонгæй, тæлмацгæнæн нæййес. Тæлмацти ба еци хуарæнтæ, еци менеугутæ æнæмæнгæ гъæунцæ.

Раздæр æнзти тæлмац кодтон Хетæгкати Къостай æма Нигери æмдзæвгитæ. Фал Иристони хæццæ, æ аййевадæ æма културти хæццæ хæстæгдæр ку базонгæ дæн, уæд нæуæгæй æркастæн мæ тæлмацтæмæ æма сæ фæллæмбунæгдæр кодтон.

**– Киунугæкæсæг зонуй, Хетæгкати Къостай уадзимистæ Мæскуй уагъд ке цæунцæ, уой. Фиццаг том бал райста. Уоми мухургонд æнцæ дæ тæлмацтæ дæр. Уонæй зæгъус?**

– Гъо. Еци киунугæн æз нæуæгæй ратæлмац кодтон поэти лирикон æмдзæвгитæ æма поэмæ «Ка дæ?»

**– Иннæ ирон поэтти уадзимистæ ба?**

– Уони, раздæр ку загътон, уотæ рагæй тæлмац кæнун. Беретæ си рацудæнцæ центрон журналти æма газетти. Мæ зæрди ес сæ бамбурд кæнун æма сæ антологий хузи киунуги рауадзун. Етæ 'нцæ ирон поэзий алли кари минæвæрттæ. Сæ финстмæ æма карнæмæ гæсгæ аллихузи 'нцæ, фал ирон литератури цæсгон æнхæстæй равдесдзæнæнцæ.

**– Лев Адольфи фурт, дзурд дæр ибæл нæййес, ду нуртæккæ нæуæг уадзимистæбæл ке косис, е. Ирон темити хæццæ баст ка 'й, уæхæнттæ дæр си, æвæдзи, ес?**

– Киунугæкæсгутæ, æнгъæлдæн, зонгæ 'нцæ мæ киунугæ «Ирон тетрад»-и хæццæ. Е рацудæй киунугæуадзæн «Ир»-и фарæ. Ес си лирикæ æма минкъий эпос, æмдзæвгитæ «Къостай фæнзгæй» æма Нарти кадæнгитæн ке исистон æма кæбæл бакустон, Ацæмæз æма Агунди номи хæццæ баст ка æй, уæхæн уадзимис.

Мæ тæлмацтæй еци киунугæмæ ка нæ бахаудтæй, уони мухур кæнун Мæскуй æма Ленингради журналти æма газетти. Бахæссун сæ мæ киунугутæмæ. Æрæги мин «Аййевадон литератури рауагъдади» ци киунугæ рацудæй, уордæмæ бахастон, Иристони туххæй ци æмдзæвгитæ ниффинстон, уонæй дзæвгарæ. Уæхæн фæндæ мæмæ ес идарддæр дæр. Тæлмацгонд фæдтæн цалдæр нæуæг æмдзæвги. Æнгъæл дæн, æма етæ мухури фæззиндзæнæнцæ, Иристони автономий 50 анзи æма, Уæрæсей хæццæ барвæндонæй ку байеу æй, уой 200 анзи бæрæгбон. Мæ косæн стъолбæл æй, Къостай туххæй ци статья ниффинстон, е. Е æвдесæн æй, Къостамæ абони уруссаг еугурцæдесон киунугæкæсæг циуавæр цæстингас дарый, е. Мæнмæ уотæ кæсуй, æма Къостабæл айдагъ уруссаг поэзий тæвагæ нæ фæззиндтæй, фал Къостай исфæлдистадæ фæззиндтæй æма зиннуй ССР Цæдеси адæмти поэзибæл дæр.

**– Къостайæн Мæскуй ци киунугутæ цæунцæ, уони туххæй ци зæгъис?**

– Етæ цæттæгонд цæунцæ хъæбæр лæмбунæг æма, æнгъæл дæн, уодзæнæнцæ хуарз лæвар бæсти еугур киунугæкæсгутæн. Къоста æй Шевченко, Абай, Туманян, Райнис æма æнсувæрон æндæр республикити поэтти æнсувæр. Уруссаг фингутæй хæстæгдæр лæууй Некрасовмæ. Куд загътон, уотæ бал рацудæй Къостай уадзимисти фиццаг том. Æй рæсугъд фæлгонцгонд, хаст имæ æрцудæнцæ поэтæн æхе конд нивтæ дæр. Рагъуди кæнун гъæуй Къостай киунугæ «Скъолай библиотекæ», «Поэти библиотекæ», зæгъгæ, уæхæн киунугутæй рауадзунбæл.

*Лев Озеров бæрæгбони саламтæ лæвардта Иристони фæллойнæгæнгутæн æрветгæй зæгъæдибæл, уой дæр кæдзос иронау ниффинста: «Мæ ирон хæлæрттæ, рæсугъд бæрæгбæнттæ уæбæл цæуæд алкæддæр! Нæ хæлардзийнадæ кæнæд никки федардæр!»*



**Всеволод РОЖДЕСТВЕНСКИЙ**
(1895-1977),
поэт,
тæлмацгæнæг

## ИРИСТОН, Æ АДÆМ, Æ ÆРДЗÆ МÆ УСТУР ДЕСИ БАФТУДТОНЦÆ!..

– Уæд мæбæл цудайдæ цуппæрдæс анзи. Мæ ниййергути хæццæ рабалци кодтон Уæллагири комбæл. Уой размæ Орджоникидзей фæцан цалдæр бони. Фулдæр цудан фестæгæй æма нин е фадуат лæвардта æрдзи нивтæмæ лæмбунæгдæр кæсунæн, æ адæми хæццæ хæстæгдæр зонгæ кæнунæн. Уой фæсте ма Иристони адтæн цалдæр хатти. Орджоникидзейæй уæлдай хуарз багъуди кодтон Алагир, Тæмискъ, Унал, Мизур, Цъæй... Еци балцити фæсте Иристони туххæй ниффинстон æмдзæвгити цикл. Мухургонд æрцудæнцæ мæ киунугути дæр. Уонæй еу хуннуй «Цъæй».

*Эхх, мæ райгуырæн куы уаид*
*Ацы æрдхæрæны ком:*
*Дурты 'хсæн фыцгæйæ уайы*
*Фæзмæ митæмхæццæ дон.*
*Ардæм æрсыты æртæры*
*Хур йæ пиллоны рæстæг –*
*Æмæ адджынæн ысдæрынц*
*Ихы лæгъз уазал фæрстæ.*
*Базонин – цы кæнын хъæуы:*
*Иууыл уаид æрдз мæ бар,*
*Æмæ цъититы цур нæууыл*
*Скæнин диссаджы хæдзар.*
*Уаин æз цырддзаст, рæстдзæвин,*
*Ацæуин-иу хъæуæй дард,*
*Чъиуджын къæцæлтæ æрцæгъдин*
*Æмæ-иу сæ скæнин арт.*
*Цъиутимæ тъæллангæй зарин,*
*Сырдтæй физонæг кæнин.*
*Арв мæ чъырзæдмæ куыд калид*
*Ирд стъалытæ, уый уынин.*

Ирон адæм, æрдзæ мæн уæхæн цæмæдеси бафтудтонцæ, æмæ мин Хетæгкати Къостай æмдзæвгитæ ратæлмац кæнуни туххæй рауагъдади ку загътонцæ, уæд исарази дæн устур æхцæуæнæй. Къостай æмдзæвгитæ ку тæлмац кодтон, уæд мæ цæстити рази нæуæгæй æма нæуæгæй æрлæудтæнцæ Иристони æрдзи нивтæ, æ адæм.

Иристони поэтти хæццæ, æ културæ æма аййевади хæццæ æз идарддæр зонгæ кодтон Ленингради. Цæветтонгæ, ме 'ригон æнзти æз фæллимæн дæн æригон ахургонд Абайти Васой хæццæ. Еци хæлардзийнадæ не 'хсæн абони уæнгæ дæр нæ фесавдæй.

Ме 'мдзæвгитæй еу «Цуанон Васо», зæгъгæ, дæр уой номмæ гæсгæ финст æрцудæй. Æй уæхæн:

*Скъуыдтæ басльхъ*
*Й' астæуыл æрбаста,*
*Урс ныметхуд алы бон хæссы.*
*Мæнæ та лæууы.*
*Нæзы бæласау,*
*Æмæ хæхты цъуппытæм кæсы.*
*Рагæй дæр пырдыкк рихитæ дары,*
*Стæйаздзыд, уæвгæ, зæронд кæд уыд?*
*Радта йын кæддæр зынаргъ лæварæн*
*Здыхт сыкъа рæхысимæ йæ фыд.*
*Бауарзта уый цырæ къæдзæхты тигътæ,*
*Ссис ын адджын райгуырæн уæзæг.*
*Дымгæйы фæскъæуæгонд хъулон мигътæ.*
*Уой цæмæй йæ зæрдæмæ хæстæг.*
*Хæхтæм-иу æдзух цæмæй фæлгæса,*
*Уа къæрцхъус æмæ уынаг сырдау.*
*Иу æхстæн-иу акъаха цæргæсы,*
*Ма хала йæ фыдæлты æгъдау.*
*Цард уый афтæ:*
*Ирд суадонæй цырддæр,*
*Хæхтæ æмæ рог дæтты зыдта.*
*Зонгæ йын уыд алы маргъ дæр, сырд дæр,*
*Кæмтты алы къудзи дæр уыдта.*
*Цæй, Васо,*
*Дæ мард сырдтæн сæ цæрмттыл*
*Фидардæр дæ дыууæхстон æвæр.*
*Топпы хос фæйлау æхсидгæ кæмттыл*
*Æмæ тау мæ зæрдæйы цæхæр.*
*Уадз, æз дæр*
*Дæуау гæпп кæнон хъазгæ*
*Суадæттимæ дурæй-дурмæ цырд.*
*Банкъарон сырды тæф уттæй раздæр,*
*Иу гæрахæн-иу куыд марон сырд.*

Нур ба мæ фæндуй нæ адæмæн бæрæгбони туххæй еу-дууæ дзурди гæгъæдибæл ниффинсун.

Мæ хъазар иристойнаг æмбæлттæ!.. Мæхæн нæ еугуремæн дæр хъæбæр цитгийнаг ка æнцæ, уæ еци еугурадæмон бæрæгбæнттæ фæдбæл арфæ кæнгæй, зæрдæхцæуæнæй уин æрветун мæ ленинградаг салам, мæ зæрдæ уин зæгъуй амонд, социалистон културæ æма адæмон хæдзаради устур æнтæстдзийнадтæ!

***БРИТЪИАТИ Зариффæ (1919-2001), номдзуд театралон архайæг: «Икъати Серафин æ хуæздæр сценикон куститæ аразуй меддуйне æма æндаг хузи контрасттæй. Е уæлдай фæббæрæг æй æ Гадзугузи роли – æ гурикондкæд уойбæрцæ цæстæ нæ рæвдауй, уæддæр æ меддуйне æй гъæздуг, рæсугъд æнкъарæнтæй, цардбæллундзийнадæй æнхæст».***



ИКЪАТИ Серафин Пæсæйи роли.



***Икъати Геуæргий кизгæ Серафини ном æ дессаги искурдиади фæрци, уæдта нæ национ аййевадæн ци берæ хуæрзти бацудæй, уони фæрци тæккæ ирддæр хузи финст æрцудæй нæ Иристони анзфинсти. Гъо, æ рæстæги 'й дзиллæ комкоммæ зудтонцæ, уидтонцæ ин æ цæхæркалгæ дæсниадæ Ирон театри сценæбæл, æма 'й уомæ гæсгæ уæлдай зæрдтагонæй уарзтонцæ. Нур райрæзтæнцæ нæуæг, нæ номдзуд актрисæ ци спектаклти гъазидæ, уони сæхе цæститæй ка нæ фæууидта, еци фæлтæртæ. Фал æй сæ хестæртæй куд нæ æригъустайуонцæ, е цæйбæрцæбæл разагъди искурдиадæгин адтæй, нæ адæм æй цæйбæрцæбæл берæ уарзтонцæ, цæйбæрцæбæл хеуон син адтæй, уой. Æма гъе уотемæй æ ном цæруй абони дæр, имисæн æй. Æ цардвæндаг æма исфæлдистадон æскъуæлхтдзийнæдти фæдбæл берæ зæрдæмæдзæугæ хабæрттæ ракæнун æнгъезуй, фал газети гæнæнтæмæ гæсгæ нин уæхæн равгæ æнхæстæй нæййес. Уомæ гæсгæ ба, мæнæ дæлдæр ци æрмæг мухур кæнæн, уой бацæттæ кодтан, æ кæстæр æмгустгæнæг Къумæлæгкати Морат æма журналист Хъулати Зирæ кæддæр Икъати Серафини туххæй ци уацтæ ниффинстонцæ, уонæмæ гæсгæ.***

# ТАВУЙ НÆ Æ ЗÆРДИ РОХС ТУНÆ...

Серафин сауæнгæ æ сабийдоги æ тæлæн хæссун байдæдта аййевадæмæ.

– Минкъийæй бауарзтон аййевадæ, – имисидæ æхуæдæг. – Уæлдайдæр ба фæндур, мæ мадæ фæндурæй ку цæгъдидæ, уæд нигъгъос уинæ, æма мæ мæ сæнттæ фæндури зæлти хæццæ кумæдæр, цидæр дессаг аргъæутти дуйнемæ фæххæссиуонцæ...

Серафини хуæрзæригон уоди тæккæ рæбуйнагдæр бунат æрахæстонцæ æ мадæ Полий цæгъдтитæ. Уæди зинвадуат æма тухст царди уавæртæ куд нæ фæббæрæг адтайуонцæ хъиамæтгун силгоймаг ке ракæнидæ, еци цæгъдтитæбæл – кодта кадæнгитæ, кафуни цæгъдтитæ... Минкъий Симæ дæр фиццагидæр уони цæгъдун райдæдта. Фал сабий зæрди мæтъæлдзийнадæ фæстеуат нæ кæнуй, æма бабæй æ минкъий æнгулдзити бунæй райгъусидæ бустæги æндæр, иуæнгтæ рæуæггæнæг æма цийнæдзийнадæ итауæг цагъд.

## «ÆЗ ДÆУМÆ ДЗОРУН, КУСТМÆ МÆ РАЙСÆ!..»

Цæйбæрцæбæл арæхстгин фæндурдзæгъдæг адтæй, еци æригонæй дæр, уомæн ба еу æвдесæн – 1931 анзи январи республики олимпиади байахæста фиццаг бунат æ фæндурдзагъдæй. Еци олимпиади æй фæууидта профессор Æлборти Барис, игъустгонд ахургонд æма рохситауæг. Æма баунаффæ кодта Серафинæн Тотрати Бесæйи иссерун. Бесæ агурдта ирон искурдиадæгин фæсевæд Мæскумæ театралон институтмæ рарветунмæ.

Иссирдта Серафин Бесæйи. Радзурдта ин æ фæндæ. Бесæ имæ лæмбунæг æркастæй æма ралух кодта:

– Æгæр минкъий дæ.

Серафин фиццаг базуркъуæрд бæлæуи хузæн фæцæй, уæдта исдзурдта:

– Æма бæрзонд къелгун къахидарæс дардзæнæн.

– Е дин неци фæййагъаз уодзæнæй, – æма Бесæ фæннæхстæр æй æ иннæ гъуддæгути фæдбæл.

Серафин æ фæдбæл фæннæхстæр æй, æма 'й нæуæгæй æруорæдта æма ма ци кодтайдæ Бесæ – раварадта ин, Мæскуй театралон институтмæ бацæунæн æй ци гæгъæди гъудæй, уой.

Мадта еци институтмæ куд бацудæй, е дæр дессаги хабар æй. Цæветтонгæ, уоми паддзахадон къамиси рази ку 'рлæудтæй Серафин, уæд имæ уой иуонгтæ, нæ бæсти номдзуд театралон архайгутæ берæ фæрракæсæ-бакæсæ кодтонцæ. Уæдта си ракурдтонцæ æмдзæвгæ радзорун. Уой фæсте ин зундгонд режиссер Р. Симонов уотæ:

– Нур ба нин ести этюд равдесæ.

Серафин къехæй райзадæй. Этюд ци æй, уой нæ зудта. Симонов æй балæдæрдтæй æма ин æхуæдæг фæййагъаз кодта.

– Зæгъæн, æз заводи директор дæн. Дæуæн ба дæ сувæллæнттæ стонг æнцæ, бæгънæг. Дæ нисан, дæ ихæс æй, цæмæй дæхе кустмæ райсун кæнай. Балæдæрдтæ?

Ци балæдæрун ма 'й гъудæй. Серафинæн е 'рфгутæ æрбалхи 'нцæ, æма æ цæсгон газети ауон ка бакодта, еци «директормæ» ниуурдуг æй.

– Райсæ мæ кустмæ!

Дзуапп нæййес, Симонов имæ газети ауонæй сосæггай кæсуй.

– Дæумæ дзорун, райсæ мæ заводмæ! – нæййес бабæй дзуапп.

– Æз дæумæ дзорун, дæумæ! – æма æ минкъий тумбул къохæй стъол ниццæлхъ ласта.

Симонов хæрдмæ фесхъиудтæй:

– Уæртæ æ цæститæ цæхæртæ куд ракалдтонцæ! Есæн дæ, мæстгун ма кæнæ, есæн дæ, æцæг заводмæ нæ, фал театралон институтмæ...

Уотæ райдæдта Икъати Серафин ахур кæнун Мæскуй театралон институти Иристони искурдиадæгин фæсевæди хæццæ, кæцитæ сæ ахур фæууни фæсте иссæнцæ нæ национ фиццаг профессионалон театри бундорæвæргутæ.

Нæхемæ Иристони театралон сценæмæ Икъати Серафин фиццаг хатт рахизтæй 1935 анзи 10 ноябри (дессаг нæй – æ райгурæн бони!..) Е адтæй Ирон театри райгурæн бон, ирон аййевади æма культури агъазиаудæр цау. Мæскуй театралон институти ци фæсевæд ахур кодта, етæ бундор æрæвардтонцæ Ирон драмон театрæн. Сæ фиццаг спектакль адтæй Корнейчуки «Платон Кречет». Серафин гъазта Лиди роли. Мæскуй ке бацæттæ кодтонцæ, еци дуккаг спектакль адтæй «Лгун» Гольдоний пьесæмæ гæсгæ. Уоми Серафин гъазта ихуæрст кизгæ Коломбини роли.

## Æ ИСКУРДИАДÆ АДÆМИ ДЕСИ ÆФТУДТА

Етæ адтæнцæ æ фиццаг рольтæ, æ фиццаг исарæзт сорæттæ. Æма сæбæл адæм сæ цæстæ æрæвардтонцæ. Нæ сæ бакасти, нæ сæ дзурдигъæди, нæ сæ къахрайсти, сæ зæрдиконди æма гъудити зелдохи æмхузонæй неци равдиста Серафин. Сæ еугуремæн дæр иссирдта сæрмагонд уодигъæдæ æма хуарæнтæ. Сауæнгæ уæд исбæрæг æй е 'стур искурдиадæ.

Ирон профессионалон театри райгурд имисгæй, куд нæ зæгъæн сæрустурæй: уогæ ба ци дессаги фæлтæр адтæнцæ: Баллати Валодя, Дзукъати Аня, Дзугкойти Афассæ, Цирихати Петя, Есерихъуати Минтæ, Гъæргинти Варварæ, Цæликкати Мæирбег, Кокайти Исай, Хъариати Тамарæ, Къомайти Василисæ, Тотрати Бесæ, Берæгъти Александр, Тæбæхсæути Бало æма Икъати Серафин. Агъазиау исфæлдистадон бунтæ ниууагътонцæ аци искурдиадæгин фæлтæр, абони фæлтæрæн – рохс над ракъæртгæнгутæ. Уой туххæй дзоргæй, Саламти Къола, ССР Цæдеси адæмон артист уотæ дзурдта:

– Раст ку зæгъон, уæд æз мæхуæдæг дæр аци фæлтæрбæл ахур кодтон. Мæн алкæддæр деси æфтудта сæ æнæхийнæ куст. Театрæй æндæр сæ неци гъудæй царди. Райсæн Серафини. Цæйбæрцæ хъаурæ адтæй аци силгоймагмæ! Федарæй уæ æууæндун кæнун: Серафин сценæн игурд адтæй. Цал адæймагей роли рагъазта, æма си еу дæр инней хузæн нæ адтæй. Райсæн Елбиздихъой «Дыууæ хойы» Хансиати фæлгонц. Кæд ами адæми размæ рахаста æфхуæрд хуæнхаг силгоймаги сорæт, уæд æ тæккæ фарсмæ ба иннæ сорæт – цæстфæлдахæг Салфетка, «Софяйы зарæг»-æй. Кенæ мæн хæццæ еумæ ци спектакли гъазта, уоми нин ци Гадзугузи бавдиста, е. Дессаги фæлгонц адтæй. Еци роли æ еугур монцтæ дæр исуагъта... Æ искурдиадæ берæвæрсуггин адтæй...

Серафин ци фæлгонцтæ исаразта ирон сценæбæл, етæ фондзинсæйемæй фулдæр иссæнцæ. Райдайæ «Платон Кречет»-и Лидæ, æма фæууо æмбесондæн байзайгæ Гадзугузæй. Любовь Яровая – «Любовь Яровая», Беатриче – «Много шума из ничего», Мирандолина – «Хозяйка гостиницы», Татьянæ – «Разлом», Хансиат – «Дыууæ хойы», Сæлимæт – «Пæсæйы фæндон», Джемма – «Овод» æма уотæ идарддæр.

Уæлдæр ранимад зундгонд рольтæ Уæрæсей æма ма берæ æндæр рауæнти дæр актриситæ гъазиуонцæ æма ма гъазунцæ, фал æргомæй зæгъун гъæуй уой, æма си беретæн уони бабарæ кæниуонцæ æма кæнунцæ сæ искурдиадæмæ гæсгæ нæ, фал бæрзонд, хуæрзконд ке 'нцæ, уой фæрци. Серафини бакастæй уони хæццæ рабарæн нæййес, уæдта баруйнаг дæр нæ ан, тæрегъæд нæ есæн нæхемæ. Гъо, асæй рæстæмбес, уомæй ка 'й зонуй, рæсугъддæртæ... Уæддæр Любовь Яровая?.. Цæмæн? Уомæн æма хуæнхаг æрра дони хузæн Серафини исконди æмбохгæ кодта Æрдзон Искурдиадæ. Сæумон хори тунти хузæн æ уиндæ æма æ конд уомæн калдтонцæ тæмæнтæ сценæбæл. Уомæн уотæ бæркадгин æй Серафини фæззигон инайæ Ирон театри къæбеци.

## Æ ДÆСНИАДÆ АБОНИ ÆРИГÆНТТÆН ДÆР АГЪАЗГÆНÆГ ÆЙ

Актер ци рольти рагъазуй, етæ ин, æвæдзи, ефстæгтæй уæлдай, хъазар æма уарзон фæуунцæ, уæддæр зæрди къуми ба кæмидæр арфгомау ин фæууй римæхст, æ нивæ хæстæгдæр æвæрд кæмæ 'й, уæхæн уарзон роль. Серафинæн еци уарзон роль адтæй Хансиат, Бритъиати Елбиздихъой пьесæ «Дыууæ хойы»-мæ гæсгæ æвæрд спектакли. Æ зæрдæмæ актрисæ хæстæг райста седзæр

**Уруссаг хузæгæнæг, финсæг, археолог, æхсæнадон архайæг Николай Рерихи райгурдбæл 9 октябри æнхæст кæнуй дæс æма авдинсæй анзи (1874-1947). Зундгонд æй, куд культури æвдесæнтæ багъæуай кæнуни фæдбæл еугурдуйнеуон Æзмæлд исаразæг.**

*БАЦИАТИ Агудз (1934-2004), театралон аййевади ӕртасӕг: «Икъати Серафини берӕ сценикон кустити тухххӕй дзоргӕй, зӕгъун гъӕуй еу ахсгиаг гъуди: алли сорӕтӕн дӕр, фиццаги-фиццагидӕр, фӕййагоруй социалон бундор, ӕ уавӕрти, ӕ удигъӕди бӕлвурд ӕууӕлтӕ. Алке дӕр си ӕнхӕстӕй равдесуй, ка си цӕмӕй хайгин ӕй, уой».*



ӕфхуӕрд силгоймаги карнӕ, кӕрӕй-кӕронмӕ ин ӕ удигъӕдӕ балӕдӕрдтӕй, ӕма Хансиати сорӕт ӕ искурдиади агъазиаудӕр менеугутӕй исфӕлгонц кодта, бавта 'й ӕ зӕрди гъарӕй... Уомӕ гӕсгӕ адӕм ӕууӕндтӕнцӕ – хуӕнхаг кизгӕ ӕ бартӕбӕл ке исдзурдта, уомӕй Хансиати сорӕти нихмӕ ӕрӕввӕрӕн цӕстфӕлдахӕг Салфетки (Хубецти Рая ӕма Хугати Георги «Софяйы зарӕг»-ӕй). Мӕнӕ фӕззиндтӕй сценӕмӕ футболисти хӕдони ӕ фӕсонтӕбӕл устур дамугъатӕй №13 финст. Ӕ фиццаг рахизтӕй дӕр бӕрӕг ӕй, аци силгоймаг цӕстфӕлдахӕг ӕма бунтидзӕуӕг ке ӕй, е. Гӕртӕмттӕ есуй аллибон уосгортӕй, амонуй син зундгонд гъӕукаг кизгутти. Цубурдзурдӕй, ирон Ханума.

Серафин сценӕбӕл ци сорӕттӕ исаразта, уонӕй алкӕмӕн дӕр ӕ ирӕзт ӕвдиста сӕрӕй-кӕронмӕ. Алли сорӕтӕн дӕр ӕ удиконд, гъудити зелдох, зӕрди ӕнкъарӕнтӕ хаста адӕми рӕнгъӕмӕ. Игъӕлдзӕг ӕма налат, уарзӕгой ӕма налат, игъӕлдзӕг ӕма тузмӕг, хийнӕйдзаг ӕма кӕрӕф, рӕвдауагӕ ӕма уозӕлагӕ, мӕтӕгӕнагӕ ӕма амондмӕ бӕллагӕ... Трагеди, фарс, драмӕ, гротеск, комеди – уӕхӕн жанртӕй адтӕнцӕ Серафини исарӕзт сорӕттӕ.

Ӕз мӕхуӕдӕг дӕр мӕхе амондгунбӕл нимайун, уомӕн ӕма сценӕмӕ мӕ фиццаг къахдзӕф ку ракодтон, уӕд Серафин ӕма Дзугкойти Афассӕ адтӕнцӕ мӕ фиццаг сценикон мадтӕлтӕ, Папавяни пьесӕмӕ гӕсгӕ ӕвӕрд спектакль «О, дуне рафӕлдӕхт»-и, уой фӕсте – «Дыуӕ чындзӕхсӕвы».

Уотӕ ку зӕгъӕн, ӕма Икъати Серафинӕн профессионалон театри сценӕмӕ над фӕндур байгон кодта, уӕд е раст уодзӕнӕй. Фӕндур ин фулдӕр спектаклти адтӕй ӕ еугӕндзон ӕмархайӕг. Фӕндурӕй хуарз ке цагъта, уомӕй ма пайда кодтонцӕ сауӕнгӕ драматургтӕ дӕр. «Пӕсӕйы фӕндон» -и Сӕлимӕтӕн, ӕ фӕндури цагъд, ӕ зард ӕма ӕ кафт адӕми устур деси ӕфтудтонцӕ. Фал мӕнӕ Гадзугуз!.. Адӕми бустӕги деси ба аци фӕлгонц бафтудта. Гӕрр, уӕхӕн силгоймаг дӕр фӕууй? Берӕ ибӕл радзорӕ-бадзорӕ кодтонцӕ, гъома, фӕууй ӕви нӕ фӕууй. «Фӕууй!..» – загъта Серафин. Ӕ гъазтӕй театрдзаути бауӕндун кодта ӕма бӕзгин стъӕлфӕ исӕвардта: «Фӕууй!..» Е ин бантӕстӕй, ӕ равналӕнтӕ, ӕ аййевади ӕвӕрӕнтӕ ӕведуйгӕ ке адтӕнцӕ, сӕйрагдӕр гъе уой фӕрци. Ӕма Гадзугуз – Серафин исхизтӕй ирон комедиографий бӕрзонддӕр къӕпхӕнмӕ гротескон жанри.

Ехх, ӕма царди цалхӕн ӕцӕгӕй фӕстӕмӕ ӕрзелӕн ку уидӕ, уӕд абони дӕр цӕмӕдестӕгӕнгӕй бабӕй бакӕсианӕ Серафин ци уарзон кизгутти ролти рагъазта, уонӕмӕ.

Серафини аййевадӕ 'й устур скъола абони айдагъ театралон фӕлтӕрӕн нӕ, фал ӕ царди нӕдтӕбӕл ранӕхстӕр унмӕ ка гъавуй, уонӕн. Уогӕ еци скъолай ахурти цӕстуингӕ ӕрмӕгӕй ци равдистӕуа, уӕхӕн ба неци ес... Гъулӕггагӕн, ӕ рӕстӕги ӕ дессаги хъайтартӕ пленкӕмӕ ист не 'рцудӕнцӕ, ӕндӕр ӕцӕг дессаги скъола гъомбӕладон фӕрӕзнӕ уидӕ абони фӕлтӕрти хӕццӕ кусти...

## Ӕ ИСАРӔЗТ СОРӔТТӔ – ИРОН КУЛЬТУРИ ХӔЗНА

Кӕддӕр, нӕ театр ӕхе ӕ фондз ӕма ӕртинсӕй анзей юбилеймӕ ку цӕттӕ кодта, уӕд ӕ хъазауатондӕр архайгутӕй кедӕрти бафарстон, цума циуавӕр хунти хӕццӕ 'рцудӕй ӕ адӕми размӕ ирон театр ӕ лӕги карӕмӕ бацӕугӕй, ӕ фиццаг «зӕрбатугти» юбилейи бонмӕ? Аци фарста кӕмӕ раварддтон, уонӕй еу адтӕй Ирон театри уӕди аййевадон разамонӕг, Уӕрӕсей Федерации адӕмон артист Уатати Бибо. Ниссагъӕеси ӕй, уӕдта загъта:

– Ирон театр абони бацудӕй е 'цӕг кари, ӕма цӕмӕннӕ ӕнгъезуй расагъӕс кӕнун, – ӕцӕгӕйдӕр циуавӕр хунтӕ ӕрхастан нӕ театрдзаутӕн, зӕгъгӕ?

Ӕма ӕ радзубандий берӕ аллихузон зӕрдтагон хабӕрттӕ ракодта. Мӕ зӕрдӕбӕл бадардтон ӕ загъд:

– Ирон театр, мах, актерти, нӕй, фал ӕй Ири дзилли рохс ковӕндонӕ. Ӕма гъӕуама уа райдзаст. Райдзаст ба уа уомӕй дӕр, ӕма ӕ бундорӕввӕргутӕн аккаг кадӕгонд цӕуа, гъӕуама сӕ рӕстӕги нӕ дзиллӕн куд хъазар ӕма уарзон адтӕнцӕ, уотӕ цитгин уонцӕ нури фӕлтӕртӕн ӕма ма сауӕнгӕ нӕ исонибони фӕлтӕртӕн дӕр. Уӕдта айдагъ уонӕн нӕ, фал уони фӕсте нӕ театралон аййевадӕн удуӕлдайӕй ӕма ӕнтӕстгинӕй ка фӕллойнӕ кодта ӕма кӕнуй, уонӕн дӕр.

Ӕ еци радзубандий ранимадта, уӕд театри номдзуд архайгутӕй сӕ юбилейтӕ кӕмӕн исбӕрӕг кодтонцӕ, уӕлдай зӕрдӕхцӕуӕнӕй загъта Икъати Серафини тухххӕй. Ӕма е хумӕтӕги нӕ адтӕй. Уомӕн ӕма Икъати Серафин адтӕй Ирон театри разагъди цӕгиндзитӕй еу. Ирон театри фиццаг фарнӕхӕссӕг зӕрбатуг, фӕндури зӕлти ӕма силгоймӕгти сорӕттӕ исфӕлдиста ирон сценӕбӕл, цал ӕма цал силгоймагей ирисхъӕ ирдӕй бавдиста, райдайӕ Любовь Яровая ӕма фӕууо нӕхе Гадзугузӕй.

Алли сорӕти ирӕзт дӕр лӕмбунӕг ӕвдесун, ӕ удиконд, ӕ гъудити зелдох, ӕ зӕрди ӕнкъарӕнтӕ рӕстагӕй адӕммӕ хъӕртун кӕнун – уӕхӕн ӕнцӕ Серафини сӕйрагдӕр менеугутӕ. Джульетти гъомбӕлгӕнӕг Шекспири «Ромео ӕма Джульеттӕ»-йи, ирон уарзӕгой мадӕ Дзигидӕ «Ӕгӕр цӕхгун ӕдонуг кӕнуй»-йи, зудӕ, карз ӕма хеуарзон Гонерилья «Къарол Лир»-и, хуӕдӕфсармӕ Кӕлимӕт «Хӕрзойты Фатъимӕт»-и, цӕхӕрцӕстӕ, гиризгӕнагӕ, зарагӕ Дзӕйнӕт «Нӕ хӕлӕрттӕ»-йи, революций тӕвагӕй ка фегъӕстӕ 'й, еци Таня Фадееви «Дӕрӕн»-и райгурӕн бӕсти еузӕрдиуон хъӕболӕ, бӕгъатӕр советон кизгӕ Таня Егорова «Дыккаг фронты фале»-йи, уруссаг кӕдзосзӕрдӕ ахургӕнӕг дагестайнаг гъӕуи «Асиат» -и, дӕлбунтицӕуӕг къулух Дзигида «Чындзӕхсӕвӕр»-и, сӕрӕн францусаг ихуӕрст кизгӕ Сюзаннӕ «Фигаройы чындзӕхсӕвӕр»-и, уӕдӕгонд Людмилӕ «Васса Железнова»-йи, налат цӕстфӕлдахӕг Салфеткӕ «Софяйы зарӕг»-и ӕма ма берӕ ӕндӕртӕ. Дӕс ӕма инсӕй анземӕй фулдӕр фӕккуста Икъати Серафин Ирон театри, ӕма, ци сорӕттӕ исаразта, етӕ хъазар ӕвӕрӕнтӕй, устур хӕзнайӕй бацудӕнцӕ ирон культури хӕзнадонӕмӕ.

## «МӔ ЦАРДИ ӔСТЪАЛУ МИН ИРОН СЦЕНӔ ИССӔЙ!..»

Театралон жанртӕй алкӕмидӕр ӕмхузон ӕрттивдӕй тӕмӕн калдта Икъати Серафини искурдиадӕ Ирон театри сценӕбӕл. Сценӕмӕ имӕ ка кӕсидӕ, уони кӕд кӕми ходун, кӕми ба кӕун кодта, уӕддӕр еумӕйагӕй ба ӕнхӕст кодта еу ахсгиаг ихӕс – ӕ устур искурдиади фӕрци ӕфтудта, царди нисанеуӕг ци ӕй, амонд цӕй фӕрци ӕнтӕсуй, уой фӕдбӕл гъудити.



САЛАМТИ Къолай пьесӕмӕ гӕсгӕ ӕвӕрд спектакль «Дууӕ киндзӕхсӕвӕри». ДАУРАТИ Харитон – Хъалмухъ ӕма ИКЪАТИ Серафин – Гадзугуз.

Ӕ цард, ӕ куст, ӕ еугур зонундзийнӕдтӕ ӕма е 'стур ӕнӕфехсуйгӕ искурдиадӕ Серафин нивондӕн ӕрхаста ирон аййевадӕн, ирон адӕмӕн. Кӕддӕр уой фӕдбӕл уотӕ загъта:

– Алли адӕймагӕн дӕр ӕ царди ес ӕхе стъалу, мӕнӕн еци стъалу ӕй ирон сценӕ ӕма мӕхе устур амондгунбӕл нимайун, аййевади над ке равзурстон, уомӕй. Нӕуӕгӕй бабӕй ӕригон ку фестинӕ, уӕддӕр равзаринӕ сценӕ...

Советон хецауадӕ устур аргъ искодта ӕ фӕллойнӕн. Лӕвӕрд ин ӕрцудӕнцӕ нӕ республики ӕма Уӕрӕсей Федераций адӕмон артистки ном, орден «Кади нисан». Иристони фӕллойнӕгӕнӕг дзиллитӕ 'й цалдӕр хатти равзурстонцӕ сӕ минӕварӕй республики Сӕйраг Советмӕ, къуар анзи адтӕй СЦКП-йи Цӕгат Иристони обкоми иуонг. Дӕсгай ӕнзтӕ фӕд-фӕди ӕвзурст ӕрцудӕй Уӕрӕсей Федераций Театралон ӕхсӕнади Цӕгат Иристони хайади сӕрдарӕй. Ӕма ӕхсӕнадон кусти дӕр фӕллад нӕ зудта, ӕхе еуварс некӕд райста, ирдта фагӕ рӕстӕг, хъаурӕ, арӕхстдзийнадӕ еугур кустити дӕр, сценӕбӕл ци зингӕрди хӕццӕ архайдта, уотӕ ӕновудӕй ӕнхӕст кӕнунӕн.

Гъӕйдӕ, ӕма уӕддӕр нӕ гъудити фӕстӕмӕ ӕрзелӕн царди цалх, Ирон театр кӕдӕй архайуй, уӕдӕй ци театралон сезонтӕ райевгъудӕй, уони бӕрзӕндӕй ракӕсӕн Аййевадон Ковӕндони ци фӕлтӕртӕ кустонцӕ, уони цардвӕндагмӕ, ӕримисӕн, зӕрдӕбӕлбадаруйнагӕй ци исаразтонцӕ, ци хуӕрзти бацудӕнцӕ нӕ дзиллӕн, ци хуарздзийнӕдтӕй фӕгъгъӕздугдӕр кодтонцӕ нӕ адӕми удварни хӕзнадонӕ... Берӕ, хъӕбӕр берӕ цӕмӕдесаг хабӕрттӕ ӕма цаутӕ ӕримисун ӕнгъезуй. Фиццагидӕр уой зӕгъун гъӕуй, ӕма исаразтонцӕ агъазиау урух хед аййевади хонх Олимпӕн ӕ тӕккӕ уӕлдӕр бӕрзӕндтӕмӕ. Ӕма уой фӕрци уордӕмӕ ӕнтӕстгинӕй цӕуни равгитӕ фӕеззиндтӕй, фӕстӕдӕр театрмӕ ка 'рбацудӕй, еци фӕлтӕртӕн дӕр, ӕнцондӕрӕй цудӕнцӕ аййевади еу уӕлахезӕй иннемӕ.

**Ӕрмӕг мухурмӕ бацӕттӕ кодта ГӔТИЙТИ Светланӕ.**



Спектакль «Пӕсӕйы фӕндон»-ӕй сценӕ.



Константин Треневи пьесӕмӕ гӕсгӕ ӕвӕрд спектакль «Любовь Яровая»-ӕй ИКЪАТИ Серафин (рахесӕрдигӕй) ӕма Гъӕргинти Варварӕ.

Фондз ӕма ӕртинсӕй анзей размӕ (1959 анзи 4 октябри) космосмӕ ӕрвист ӕрцудӕй советон космосон аппарат «Луна-3». Е исиста, Мӕйӕн Зӕнхӕй ӕ кӕци фарс нӕ зиннуй, уой къарӕ.

*– Ты знаешь, от меня ушла жена.*
*– В таком случае возьми бутылку и утопи в ней свое горе.*
*– Ничего не получится.*
*– Что, нет денег?*
*– Деньги есть... Горя нет...*

* * *

*Лев попал в капкан. Идет мимо заяц и спрашивает:*
*– Что с тобой, Левушка?*
*– В капкан попал!*
*– Разлегся тут, половик мохнатый!*

## ФÆРАЗОН ÆМА РÆСТЗÆРДÆ УНИ ФÆРЦИ АДÆЙМАГ РÆСТВÆНДАГ КÆНУЙ!..



# ДÆХУÆДÆГ ДÆ СÆРБÆЛ КУ НÆ ИСДЗОРАЙ...

Алли адæймаг дæр, æ цардвæндагбæл ранæхстæр угæй, æхецæн цидæр бæлдитæ æма фæндитæ куд нæ иснисан кæнуй!.. Æхуæдæг сæ æхецæн ке исаккаг кæнуй, уомæ гæсгæ ин, гъай-гъайдæр, зæрдæмæдзæугæ фæуунцæ. Нæ зундгонд поэт Тетцойти Таймураз дæр, æвæдзи, уомæ гæсгæ е 'мдзæвгитæй еуеми уотæ финста:

*Мæ зæрдæ æз мæхебæл хъæбæр дарун.*
*Хатгæй мæ куст ниууадздзæн æрдæгбæл,*
*Цума цæрун мин æнзти æй мæ хъарæ,*
*Цума хæссун ма барæ рæстæгбæл...*

Фал адæймагæн æ бæлдитæ æма фæндитæ цæмæй бантæсонцæ, уомæн ба имæ гъæуама хъаурæ æма арæхстдзийнадæ разинна. Æма уомæ цæйбæрцæбæл исарæхсдзæнæ, уой исбæлвурд кæнунæн ба дин, нæ зæрдæ дарæн, еуцæйбæрцæдæр фæййагъаз уодзæнæнцæ, мæнæ абони ке мухур кæнæн, еци фарстатæ дæр.

**1.** Дæ хецауæн дæ сагъæссаг гъудитæ ку æргом кæнай, е ба дæмæ æнæбари ку игъоса, уæд куд бакæнисæ?

а) Ракоринæ си, цæмæй нæ дзубанди фæстæдæрмæ рахæссæн – 2 балли

б) Мæ зæрдиуагæ фехалдæй – 1 балл

в) Нæуæгæй архайдзæнæн, цæмæй мæ балæдæра – 3 балли

**2.** Тукангæс кæмæндæр е 'лхæнуйнаги аргъ фæййасландæр кодта, дæуæн ба нæ, уой ку балæдæрай, уæд...

а) Архайдзæнæн, цæмæй мæнæн дæр аргъæй рагæлдза – 1 балл

б) Нæбал æй балхæндзæнæн – 2 балли

в) Мæхе нециуинæг искæндзæнæн – 3 балли

**3.** Дæ зонгæ кизгæ ди коруй, цæмæй дæ гъуддæгутæ ниууадзай æма æ хæццæ фембæлай радзубанди кæнунмæ.

а) Фембæлдзæнæн æвæндонæй – 2 балли

б) Цийнæгæнгæй фембæлдзæнæн – 3 балли

в) Нæ фембæлдзæнæн – 1 балл

**4.** Ци куст дæмæ зиндæр кæсуй?

а) Лæггадæ кæнун – 3 балли

б) Ахурадон куст кæнун – 1 балл

в) Гъуддагарæзти къабази косун – 2 балли

**5.** Адæймагбæл баууæндун æнгъезуй, уой кутемæй рахатдзæнæ?

а) Байархайдзæнæн хуарз æй бафæсмæрунбæл – 2 балли

б) Бавзардзæнæн, цæмæй æй балæдæрон – 3 балли

в) Æнæзонгæ адæймагбæл нæ баууæнддзæнæн – 1 балл

**6.** Де 'мбали киномæ фæццæун фæндуй, дæу ба – театрмæ.

а) Æ хæццæ исарази уодзæнæн – 3 балли

б) Иннæ хатмæ ин зæрдæ байвæрдзæнæн – 2 балли

в) Театр равзардзæнæн – 1 балл

### ХАТДЗÆГТÆ ИСКÆНÆ

Ци дзуæппитæ равзурстай, уонæмæ гæсгæ цал балли æрæмбурд кодтай, уони бæрцæ æвдесуй дæ удиконди уавæр.

**6-9 балли.** Цæмæй дæ нисан дæ къохи бафтуйа, уой туххæй алцæбæл дæр арази дæ. Фал комкоммæ дзубандийæй исаразуйнаг ци гъуддаг дæ, уой иннетæ ба нимайунцæ хевастдзийнадæбæл.

**10-14 балли.** Еумæйаг æвзаг иссерун кенæ адæймаги балæдæрун дæумæ устур дамугъатæй финст æнцæ. Дæ бон æй, еугурей зæрдæмæ дæр ка фæццæуа, уæхæн гæнæнтæ иссерун. Идарддæр дæр уотæ уо!

**16-18 балли.** Еумæйаг фæндæмæ æрцæуни бæсти дæхе састи бунати дæр ниввæрдзæнæ. Бустæги гъомæлгъæбæл нимад цæмæй ма 'рцæуай, уой туххæй ба архайæ дæ фæндæ тæрунбæл.

Кæронбæттæни ба ма уой зæгъуйнаг ан, æма æ царди медæгæ æхецæн дæр æма иннетæн дæр хуарз фæуунбæл ка архайуй, етæ рæствæндаг æма æнтæстгин уæнтæ. Уæхæн адæймæгутæй цард рæсугъддæр æма фæрнæйдзагдæр кæнуй.

## АДÆЙМАГ ДЕССАГÆЙ БА ЦИ НÆ ФЕГЪОСДЗÆНÆЙ...

### ФУДЗÆРДÆ ХЕЦАУ

Орегони штати фермер Джон Кенби исфæндæ кодта æ зæронд куй Миккийæй фæййервæзун. Æртæ хатти 'й фæххудта гъæдæмæ, æма 'й уоми ниууадзидæ. Фал бабæй мæгур, фæстæмæ æрцæуидæ хæдзарæмæ. Уæд Кенби байевдалдæй æма бабæй æ куйи, нур цуппæрæймаг хатт гъæдæмæ фæххудта. Фал уотæ арф бацудæнцæ æма лæг æхуæдæг фæстæмæ над нæбал ирдта, фæдздзæгъæли 'й. Зæронд, зундгин Микки æ фудзæрдæ хецауи сау гъæдæй рахудта æма 'й хæдзарæбæл исæмбæлун кодта.

### АЛМАСИ – ДЗОЛИ

Нигулæнгермайнаг сахар Вуппертали дзолфицæг Генрих Миль газетти ниммухур кодта игъосункæнуйнаг, къинси мин ниххаудтæй хъазар дор кæбæл ес, уæхæн



къохдарæн, зæгъгæ. Ка 'й иссера, уомæн, дан, дзæбæх æхца ратдзæнæн.

Мили дзолфицæн уайтæкки рацæй сахари тæккæ номдзуддæр. Фал уотæ тагъд рабæрæг æй æцæгдзийнадæ дæр. Миль æхебæл нæ фæххуæстæй, æ сайæн миуи кой ракодта æ лимæнæн æма уайтæкки хабар рахæлеу æй æнæгъæнæ сахарбæл. Мили дзол æлхæнæг нæбал адтæй, тæрхæгутæбæл гъуна кодта æма нур лæги зæрди æй æндæр ести куст кæнун райдайун.

### ДУУЕРДÆМÆ ПАЙДА

Калифорний цæрæг Кен Джинн æма æ фондз агъазгæнæги берæ фæгъгъуди кодтонцæ, мадта, æхца ци мадзалæй бакосæн, зæгъгæ. Æма æргъуди кодтонцæ. Байевдалдæнцæ, æма æмбурд кæнун райдæдтонцæ... мулдзугутæ. Дæттунцæ сæ наукон-æртасæн косæндæнттæмæ æма студенттæн-биологтæн. Еци куст Джинийæн æй дууердæмæ пайда: еуæй дохтири амунд æнхæст кæнуй, кæдзос уæлдæфмæ ахиддæр цо, зæгъгæ, иннемæй ба æхца – берæ.

## РАСАГЪÆС КÆНАЙТÆ!..



**Фарстатæн се 'мбесæй фулдæребæл раст дзуæппитæ ку раттай, уæд е уой æвдесæн æй, æма дæ зундгиндзийнадæ цæйбæрцæбæл бæрзонддæр æй.**

**1. Игъустгонд англисаг тунуафæг Джеймс Харгривс (1720-1778), ци æлвесæн косæндзаумау æргъуди кодта, уой куд исхудта?**

а) «Джесси». б) «Сьюзи». в) «Мелани». г) «Дженни».

**2. Нуртæккæ нæ гъæунгити хъæбæр ка исахид æй, еци хуæддзæуæн (самокат) фиццагидæр ка 'ргъуди кодта, е нерæнгæ дæр ма дзурдтаг æй. Фал бæлвурд ба æй, куд æй исхудтонцæ, е. Циуавæр номæй?**

а) «Цæлхитæбæл ласæн». б) «Дуцалхуг æмбал». в) «Догъ кæнунæн хуæдтолгæ». г) «Тагъддзæуæн аппарат».

**3. Дзурд «робот» фиццагидæр ке уадзимиси фæззиндтæй, еци финсæг адтæй…**

а) Айзек Азимов. б) Карел Чапек. в) Рэй Брэдбери. г). Жюль Верн.

**4. Дуйней циуавæр сахæттæ нæййес?**

а) Донгин. б) Сирниккин. в) Зменсæгин. г) Мудадзин цирагъæйгонд.

**5. Трамвайи размæ циуавæр адæмласæн транспорт адтæй?**

а) Хуæдцæугæ. б) Омнибус. в) Дилижанс. г) Конкæ.

**6. Фиццагидæр хузгун къарæ кæци анзи адтæй?**

а) 1861. б) 1895. в) 1904. г) 1919.

**7. Радио æргъуди кæнуни гъуддагмæ кæци ахургæндтæй ка неци барæ даруй?**

а) Нильс Бор. б) Никола Тесла. в) Томас Алва Эдисон. г). Александр Попов.

**8. Хуæдтæхгути фиццагидæр стюардесситæй косун ка байдæдта, етæ циуавæр ихæс æнхæст кæнунæй ихæсгин нæ адтæнцæ?**

а) Хуæдтæхæги артаг æвгæнун. б) Багаж хæссун. в) Пассажиртæн хуæруйнагæй хинцун. г) Биндзитæ марун.

**9. Караокей (электрон фæрæзнити фæрци зарун) æнгæс мадзал æргъуди кодтонцæ…**

а) Тайланди. б) Вьетнами. в)Японий. г) Китаййи.

**Нур ба раст дзуæппитæ нæ газети 36-аг номери фарстатæбæл.**

**1.** Карл Брюллов. **2.** Сергей Крикалев. **3.** Наффæ. **4.** Къумбул. **5.** Манчестер. **6.** Онкологи. **7.** Уарзун. **8.** Зæнхизмæлд.

Дигорæ

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:**
РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№ 2156**.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 04.10.2024.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 04.10.2024.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**